WIKIPÉDIA

Basa Bislama

Basa Bislama (Cara Bislama: [bislaˈma]) iku basa kréol kang dadi salah siji basa resmi ing Vanuatu. Basa Bislama iki basa asliné warga Vanuatu kutha kang manggon ing kutha Port Vila lan Luganville, lan dadi basa kaloroné warga Vanuatu liyané. *Yumi, Yumi, Yumi*, minangka laguné kabangsan Vanuatu, ditulis nganggo basa Bislama.

Bislama	
Laladan	Vanuatu
Panyatur asli	10.000 (2011)[1] 200.000 panyatur kaloro
Kulawarga basa	Kréol Inggris ▪ Pasifik ▪ **Bislama**
Aksara	Latin
Status resmi	
Basa resmi ing	Vanuatu
Kodhe basa	
ISO 639-1	bi
ISO 639-2	bis
ISO 639-3	bis
Glottolog	bisl1239 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/bisl1239)[2]
Linguasphere	52-ABB-ce

Punjul 95% tetembungané basa Bislama asalé saka basa Inggris, déné liyané saka basa Prancis, sarta saka rena-rena basa asli Vanuatu, mligané tetembungan kang magepokan karo wit-witan lan sato kéwan.[3] Sanajan pangaruhé sithik, pangaruhé basa enggon-enggonan kawistara ing babagan paramasastra. Mangkana, basa Bislama iku basa kang tetembungané asli Inggris tur paramasastrané asli basa-basa Oséania.[4]

Isi

Sajarah
- Jeneng

Paramasastra
- *Long*
- *Blong*
- Tembung Kriya

Rujukan

Bibliografi

Sajarah

Nalika jamané Blackbirding, antarané taun 1870 lan 1880, atusan èwu wong Pasifik (akèh kang saka Kapuloan Herbrida Anyar utawa saiki ingaran Vanuatu) didadèkaké batur tukon lan dipeksa nyambut gawé ing pakebonan-pakebonan, mligané ing Queensland, Ostrali lan Fiji.[5] Awit warna-wernané basa kang dicaturaké ing pakebonan-pakebonan mau, sawijiné basa pijin mawujud saka aworé tetembungan basa Inggris[6] karo paramasastrané basa-basa enggon-enggonan kono.[7] Basa pijin kang dicaturaké ing pakebonan-pakebonan iku dadi asalé ora mung basa Bislama, nanging uga basa Tok Pisin saka Papua Nugini lan basa pijin Kapuloan Solomon, sanajan dudu asalé basa Kréol Selat Torres ing iring lor Ostrali.

Basa pijin iku sumrambah tekan Kapuloan Vanuatu nalika kawitané abad angka 20, rikala para batur tukon kang slamet saka Blackbirding bisa bali menyang tanah asalé. Basa pijin kang digawa mulih iku nggampangaké sesambungané ora mung antarané para sambéwara lan cukil Éropah, nanging uga antarané

wong asli kono. Amarga iku, basa Bislama lair lan mbédani saka basa-basa pijin liyané ing wewengkon Pasifik.

Amarga Vanuatu minangka nagara kang ramé dhéwé sajagad ing babagan basa, ya iku 113 basa digunemaké déning 225.000 kang ndunungi[8], basa Bislama dadi *lingua franca* antarané wong Vanuatu (ni-Vanuatu) lan wong njaba. Saliyané basa Bislama, rata-rata wong Vanuatu bisa basa asliné utawa basa ibuné lan ing sekolah diwulang basa Inggris utawa Prancis.

Kawit makaping-kaping abad kapungkur, basa Bislama ngalami owah-gingsir tumeka wujudé kang dicaturaké dan ditulisaké saiki. Mliginé ing wektu akir-akir iki (awit 1995), basa Bislama duwé bausastra dhéwé[9] lan iku dadi pathokan kanggo nglarasaké éjaané.

Jeneng

Tembung Bislama (utawa *Bichelamar* ing basa Prancis) asalé saka tembung *Beach-la-Mar* ing kawitané abad angka 19, kang dijupuk saka tembung rékan Prancis *biche de mer* utawa *bêche de mer*, tegesé tripang, kang mula-bukané saka tembung Portugis *bicho do mar*.[10] Ing kawitané taun 1840-an, tripang dipanèn lan digaringaké bareng karo usumé panèn kayu cendhana. Jeneng *biche-la-mar* lan basa Inggris Cendhana digayutaké raket karo basa pijin kang dicaturaké para buruh menyang sabarakané lan menyang bendarané.[11]

Antarané taun 1888 lan 1889, Robert Louis Stevenson nulis ing cathetané lelana ngideri Pasifik yèn, “kang ndunungi asli bisa basa Inggris sithik-sithik,... utawa basa pijin, kang diarani 'Beach-la-Mar'.”[12] Ing caritané Jack London kang asesirah "Yah! Yah! Yah!", minangka salah siji pérangané *South Sea Tales*, bola-bali ingaran anané "basa kasar kang diarani *bech-de-mer*”, lan warna-warna pacelathon ing njeroné nganggo basa iku.

Ing jaman saiki, tembung "Bislama" dhéwé wis arang digawé ngarani tripang déning panyaturé basa Bislama kang enom amarga wis ana tembung silihan anyar kang luwih kondhang saka *bêche de mer* basa Prancis kang diucapaké *besdemea*.[13]

Paramasastra

Ana rong tembung kang kerep dienggo ing basa Bislama, ya iku *long* lan *blong*, kang ngèmperi warna-warna tembung pangarepé basa Inggris lan Prancis.

Long

- *Long* kang artiné 'jèjèré', 'cedhaké', lsp.
  Stoa long haos: Toko jèjèré omah.
- *Long* kang artiné 'ing' utawa 'menyang'
  Mi bin stap long ples ia bifo: Aku wis tau ing/menyang panggonan iki sadurungé.
  Mi stap long stoa: Aku ing toko.
- *Long* kang artiné 'ing njero'
  Jea long haos: Kursi iku ing njero omah.
- *Long* duwé manéka surasa liyané kang irib-iriban, lan kadang kala bébas dianggo.

Blong

Blong dijupuk saka tembung Inggris *belong*. *Blong* werdiné 'saka' utawa 'ing', kaya déné *of* ing basa Inggris. Tembung iki akèh lan wigati digawé nyebut dedarbéan, nagara asal, sipat, kekarepan, lan liyané.

- *Buk blong mi*: Buku darbèkku \ bukuku
- *Man blong Amérika*: Wong saka Amérika \ wong Amérika
- *Hemi woman blong saiens*. Dhèwèké wanodya ing kawruh / dhèwèké èlmuwan.
- *Man blong dring*: Wong ing ombèn-ombèn / tukang ngombé (mendem)

Tembung Kriya

Tembung kriya ing Basa Bislama iki asalé saka basa Inggris, Prancis utawa basa-basa asli; akèh tembung andhahan ditambahaké ing panambang andhahan.[14] Wujud panambang /-em/, /-im/, utawa /-um/, mèlu swara cundhuk. Yèn swara pamungkas ing wod tembung kriya iku –u utawa –i, swara iku bakal kesalin ing panambang andhahan. Sawetara kanggo kabèh wod swara, panambang andhahané kabèh awujud /-em/:

Morpologi akiran kriya andhahan

Inggris	Bislama	
etymon	**wod**	**tembung kriya**
dig	*dig-*	*dig**i**m*
clean	*klin-*	*klin**i**m*
kiss	*kis-*	*kis**i**m*
put	*put-*	*put**u**m*
pull	*pul-*	*pul**u**m*
cook	*kuk-*	*kuk**u**m*[15]
want	*wand-*	*wand**e**m*
hear	*har-*	*har**e**m* ‘krungu, krasa’
tell	*tal-*	*tal**e**m* ‘omong’
sell	*sal-*	*sal**e**m*
shut	*sat-*	*sar**e**m*
catch	*kas-*	*kas**e**m* ‘olèh’
carry	*kar-*	*kar**e**m* ‘gawa’
ready	*rere* ‘ready’	*rer**e**m* ‘nyepak’
take	*tek-*	*tek**e**m*
find	*faen-*	*faen**e**m*
call	*kol-*	*kol**e**m*
hold	*hol-*	*hol**e**m*
follow	*fol-*	*fol**e**m*
show	*so-*	*so**e**m*
look out	*lukaot-*	*lukaot**e**m* ‘golèk’
pay	*pe-*	*p**e**m* ‘tuku’

Rujukan

1. Bislama (http://www.ethnologue.com/language/bis) ing *Ethnologue* (éd. ka-18, 2015)
2. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Bislama" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/bisl1239). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
3. Wacanen Charpentier (1979).
4. Wacanen Camden (1979).
5. Emma Christopher, Cassandra Pybus and Marcus Buford Rediker (2007). *Many Middle Passages: Forced Migration and the Making of the Modern World*, University of California Press, pp 188–190. ISBN 0-520-25206-3.
6. Kajaba iku, para kapitèn tukang mburu iwak paus kang uga njupuk buruh saka Afrika lan pulo-pulo Pasifik uga wis nganggo sakjenising basa Inggris Pijin. Basa Bislama saiki akèh sarujuk karo basa-basa Pijin Inggris ing Afrika Kulon (panggon batur tukon dijupuk lan ramé); uga dibisak-bisakaké yèn Bislama nyabang saka basa pijin ing abad wolulas lan sangalas awit sistem dagang global sajati wiwit diterapaké. Dheleng uga Téyori Monogenetik Pijin.
7. Ngenani pérangan iki, wacanen: Tryon & Charpentier (2004), Ian Crowley (1990).
8. Wacanen Crowley (2000:50); François (2012:86).
9. Wacanen Crowley (1995).
10. "bêche-de-mer (https://www.ahdictionary.com/word/search.html?q=B%C3%AACHE-DE-MER)", American Heritage Dictionary, 2000
11. Wacanen Crowley (1990).
12. Stevenson, Robert Louis (2004). *In the South Seas* (http://www.1stworldlibrary.org) (ed. 1st). Fairfield, IA: 1st World Publishing. k. 15. ISBN 1-59540-504-6.
13. Crowley, Terry (1990). "1". *Beach-la-Mar to Bislama: The Emergence of a National Language in Vanuatu*. Oxford: Clarendon Press. k. 33.
14. tuladha tembung kriya andhahan kang ora njupuk panambang ya iku: *kakae* ‘mangan, nyakot’; *trink* ‘ngombé’; *save* ‘weruh, reti’; *se* ‘omong’.
15. kajaba: Ing. *look* → Bisl. *lu**k**im*.

Bibliografi

- Camden, William. 1979. Parallels in structure and lexicon and syntax between New Hebrides Bislama and the South Santo language spoken at Tangoa. In *Papers in Pidgin and Creole Linguistics*, No.2. Pacific Linguistics, A-57. Canberra: Australian National University. pp. 51–117.
- Charpentier, Jean-Michel. 1979. *Le pidgin bislama(n) et le multilinguisme aux Nouvelles-Hébrides*. Langues et Civilisations à Tradition Orale 35. Paris: SELAF.
- Crowley, Terry (1990). *Beach-la-Mar to Bislama: The Emergence of a National Language in Vanuatu*. Oxford Studies in Language Contact. Oxford: Clarendon Press. k. 422..
- Crowley, Terry (1995). *An illustrated Bislama-English and English-Bislama dictionary*. Oxford Studies in Language Contact. Port Vila: Pacific Languages Unit and Vanuatu Extension Centre, University of the South Pacific. k. 478..
- Crowley, Terry (2000), "The language situation in Vanuatu", *Current Issues in Language Planning* **1** (1): 47–132

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Bislama&oldid=1437370"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 11.08, 8 Maret 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.